

REGLEMAN DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH, FLORID

Tit 6Gx50

Chapit 5. Prensip Jeneral pou Elèv
Seksyon 5.09**Règleman 5.09 Ranfòsman prezans nan lekòl**

1. Prezans nan lekòl se responsablite dirèk paran/responsab ak elèv yo. Eksepte jan seksyon 1003.24, Lwa Florid ak Règ 6A-1.09513 Komite edikasyon Eta a ba li a, tout elèv dwe ale lekòl regilyèman epi rive nan klas la alè pou I kab benefisye pwogram ansèyman la ak devlope abitud ponktyalite, disiplin pèsone ak responsablite.
2. Se règleman Komite dirijan lekòl la pou lekòl yo reponn atan pa mwayen yon lèt yo voye lakay la oswa atravè apèl telefonik pou tout absans ki pa motive
3. Se responsablite paran/responsab chak elèv pou jistifye absans elèv la. Lekòl la ap evalye rezon absans la sou kritè definisyon komite dirijan lekòl la defini absans "motive" ak "non motive".
 - a. Yon absans "motive" se
 - i. Maladi elèv—Si yon elèv malad toutan epi I ap absan lekòl toutan, li dwe anba sipèvizyon yon doktè pou I kab resevwa yon eskiz pou absans li.
 - ii. Randevou medikal
 - iii. Lanmò nan fanmi an
 - iv. Obsèvasyon konje relijye oswa sèvis relijye tout manb kwayans la rekonèt.
 - v. Manda pou konparèt (Subpoena) devan lapolis oswa mandatwa nan tribinal.
 - vi. Lòt absans endividyèl elèv andeyò kontwòl paran oswa elèv la, jan direktè (tris) la oswa reprezantan direktè (tris) la detèmine I ak apwouve I.
 - b. Yon absans ki pa "motive" se nenpòt absans ki pa tonbe nan yonn nan kategori absans motive ki anwo yo. Chak distri dwe detèmine si yon absans oswa reta motive oswa pa motive dapre kritè komite dirijan la tabli nan règleman sa a.
4. Sant lekòl yo ap tcheke absans ki motive ak ki pa motive nan sistèm konpitè distri a.
5. Nan ka kote lekòl la pa eskize yon absans oswa yon absans kote rezon an enkonni, direktè a (oswa deziye li) dwe kontakte lakay elèv la atan pou prevni devlopman yon abitud pa vinn lekòl.
6. Direktè (tris) chak lekòl ap egzekite mezi ki enimerè nan seksyon 1003.23(1), Lwa Florid pou asire prezans regilye nan lekòl. Si timoun lan pa soumèt ak efò pou aplike lwa prezans nan lekòl la, Sipèntandan an kab pote plent pou vagabondaj dapre seksyon 984.151., Lwa Florid.
7. Y ap egzije pou chak elèv prezan pou klas pandan sankatreven (180) jou chak ane eskolè.
8. Tout pwomnad ki gen rapò ak lekòl ke direktè (tris) la otorize pa konsidere kòm absans anba règleman sa a. Pwomnad ki gen rapò ak lekòl ta dwe sa yo ki nan kourikoulòm lan.

OTORITE LEGAL: Fla. Stat. §§ 1001.32(2); 1001.41(2); 1001.42(17) & (23); 1001.43 (1) & (8)

LWA ANVIGÈ: Fla. Stat. §§ 1001.32(2); 1003.26; 1003.24; 1001.43 (8)

DOSYE ISTORIK: 6/18/97; 11/3/99; 10/22/08